



Rusama 2024

kirundi

Guma ugavye!

„Ni muronke Mutima Mweranda!“

(Johani 20,22)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi ba go4peace,

Hari igihe uza ubona ibintu vyari vyarazitanye bidadanutse. Ukabona amakenga ko utari mwiza bikwiye, ugutinya gutera intambwe, ubwoba bwo gukora ibitari vyo, ukabona vyose ngo hwe! Bigahera. Ukumva ubutwari n'inguvu mu mutima utari usanzwe ufise. Ukumva hari ubukomezi bushasha uronse, bugutuma ushishikara urugendo kandi bukaguha ubuzima bushasha.

Inyuma y'urupfu rwa Yezu, abakunzi biwe bari biyungaranye, barugara inzugi kubera ubwoba. Baragumanye, gushika aho bumva ya mahoro Yezu yari yarababwiye. Barumvise ingene yari kumwe nabo, n'ingene yabarungikiye Mutima wiwe. Barivuyeko, barakira Mutima Mweranda (Yohani 20,22).

Hari umwigeme yari yahejeje amashure yiwe. Yari anezerewe n'uko yasozererye vyose. Cari igihe gihambaye koko. Niho rero yatangura kwibaza ingene ubuzima bwiwe bugiye kubandanya. Eka bane ntivyari vyoroshe. Niho yigira inama yo gufata umwaka wose, akawuhebera gukora ibikorwa vyo gufasha abandi ku buntu. Adatevye yaciye ategerako iyo atari inzira yiwe. Niwe yivugiye : „Muri iki gihe nguma nitwararitse kandi ndondera guhereza imigambi yanje yose Imana. Ivyo vyaramfashije cane. Imana ni Mutima. Muri uyo Mutima, yama iruhande yanje. Nanje nguma ndondera kuguma ku murongo, nywanye nawe, kandi nkaguma nkora ivyo ashaka!“

Igihe cose duhumeka, duhema impwemu zisa n'iz'abadutanze imbere, kandi mbere na Yezu nizo yahemye. Mu guhema, duhema ku rugero rw'Imana Yo nyene. Iratureka ngo dukure, turonke umwizero n'ubutwari. **Guma ugavye!**

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker